Mayor's Office of Immigrant Affairs

# Mari oswa madanm Sitwayen Ameriken ki san papye

## EGZIJANS PWOGRAM NAN

- [ ] Ou te antre nan Ozetazini ant pò antre yo oswa san otorizasyon.
- [ ] Ou te kontinyèlman Ozetazini pou omwen 10 lane, san entèripsyon, apati **17 Jen 2024***
- [ ] Ou te marye ak yon sitwayen Ameriken depi **17 Jen 2024.**
- [ ] Ou pa gen okenn istwa kriminèl ki diskalifye w  oswa yo konsidere w kòm yon menas pou sekirite nasyonal oswa sekirite piblik*

**Pitit moun ki elijib yo ap oblije bay tout dokiman sa yo ansanm ak prèv relasyon yo ak paran ki pa gen papye yo ak maryaj paran yo ak yon sitwayen Ameriken.

1-800-354-0365

Jwenn èd legal lè w rele Liy Dirèk pou sèvis Legal Imigrasyon MOIA.

*Gen kèk eksepsyon ki ka aplike. Si w gen kesyon sou kalifikasyon w pou pwogram sa a oswa sou egzijans pwogram yo, ou ta dwe konsilte yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan Depatman Jistis ki akredite. Depliyan sa a se enfòmasyon ki ladan li, se pa konsèy legal.

Mayor's Office of Immigrant Affairs

# Mari oswa madanm Sitwayen Ameriken ki san papye

## DOKIMAN OU AP BEZWEN

**Prèv maryaj ou:** Sètifika Maryaj

**Prèv Idantite:** Lisans Kondwi Eta oswa Konte, Sètifika Nesans (Batistè) ak Idantifikasyon Foto, Paspò Valab, oswa nenpòt lòt idantifikasyon gouvènman ki genyen foto ou, non ou, ak dat nesans ou (yo ka aksepte dokiman ki ekspire).

**Prèv Sitwayènte Ameriken mari oswa madanm ou:** Paspò, Sètifika Nesans (Batistè), oswa Sètifika Natiralizasyon

**Dokiman pou pwouve ou te ap viv Ozetazini pandan 10 dènye ane yo depi 17 Jen 2024, ki gen ladan, men ki pa limite a:**

- Resi Lwaye oswa Bòdwo Sèvis Piblik
- Dosye Lekòl
- Dosye Lopital/Medikal
- Lèt legliz ou ba ou oswa lòt òganizasyon
- Resi kòmand lajan pou lajan ou te voye oswa resevwa
- Batistè Timoun
- Deklarasyon Labank
- Tit Machin, Anrejistreman Machin oswa Plan Asirans
- Dokiman pwopriyete kay, Prè ipotèk. Kontra Lwaye, oswa Kontra Lokasyon
- Deklarasyon Taks (Enpo) Federal